

Chè fanmi:

Nou kontakte w pou nou enfòme w sou posiblite pou sèvis otobis jòn yo antre nan grèv apati kòmansman mwa novanm lan, ak pou nou fè w konnen kijan n ap prepare pou ede w. Nou konprann enpòtans mwayen transpò ou ka konte sou li genyen pou edikasyon pitit ou a. Si sèvis otobis la kanpe, pi gwo priyorite nou se asire chak elèv ka kontinye ale lekòl san entèripsyon.

Malgre Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) pa resevwa okenn avi ofisyèl konpayi otobis yo dirèkteman konsènan revokasyon, nou konprann sa ka yon posiblite apati 3 novanm 2025. N ap suiv sitiyaasyon an avèk anpil atansyon, epi objektif nou se minimize gwo enpak sa ta genyen sou elèv nou yo ak fanmi nou yo. Tanpri gade enfòmasyon ki pi ba yo epi kontinye ale sou sitwèb nou an (schools.nyc.gov/transportation) pou dènye nouvèl ak resous ki disponib, paske nou vle ou rete enfòme sou sitiyaasyon an ak sou resous ki disponib pou ou.

- **Avi pou si an ka sèvis otobis jòn ta kanpe travay:** Lekòl ou a ap fè w konnen si gen yon entèripsyon nan mwayen transpò otobis la epi si sa ap afekte pitit ou a. Y ap itilize enfòmasyon kontak ou te bay lekòl pitit ou a pou voye avi yo. Tanpri asire w enfòmasyon ou yo ajou nan lekòl ou a ak nan Kont Lekòl NYC ou a (NYCSA) (aprann plis nan schools.nyc.gov/NYCSA).
- **Resous Lekòl Leta Vil Nouyòk:** Resous konsènan sèvis otobis pou fanmi ap disponib sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/transportation. La, w ap jwenn enfòmasyon sou OMNY Cards, lòt opsyon transpò pou elèv ak fanmi, pwosedi pou prezans pitit ou a, ak lòt èd ki disponib jiskaske sèvis otobis la rekòmanse fonksyone nòmalman. Tanpri ale sou paj sa a souvan paske n ap mete l ajou avèk dènye enfòmasyon yo.
- **Mizajou sou medya sosyal:** Nou pral pataje mizajou tou atravè kont rezo sosyal nou yo (@NYCSchools sou [Facebook](https://www.facebook.com/NYCSchools), [Twitter](https://twitter.com/NYCSchools), ak [Instagram](https://www.instagram.com/NYCSchools)).
- **Lòt enfòmasyon:** Ou ka rele 311 nenpòt lè pou jwenn enfòmasyon ak dènye nouvèl sou sèvis otobis jòn yo.

- **Lòt mwayen transpò si ta gen grèv:** Lekòl Leta Vil Nouyòk ap travay aktivman pou fè aranjman pou lòt mwayen transpò pou fanmi ki itilize sèvis otobis jòn yo. Tout fanmi ki afekte yo ap gen opsyon pou yon Kat OMNY pou elèv la ak moun k ap pran swen l lan san yo pa peye. Anplis, NYCPS ap bay transpò pataje y ap deja peye epi ofri ranbousman lè sa nesesè pou elèv yo rekòmande transpò nan yon Pwogram edikasyon endividyalize (IEP) oswa nan yon Plan akomodasyon 504; pou elèv ki nan lojman tanporè oswa nan swen adoptif (foster care) ki resevwa sèvis otobis jòn, ak elèv ki gen yon eksepsyon transpò yo apwouve (schools.nyc.gov/transportationexceptions). N ap bay enfòmasyon anplis nan jou k ap vini yo. Kowòdonatè transpò lekòl ou a ap travay avèk ou pou ede fanmi ou fè pi bon aranjman transpò posib la pou fè ale-retou lekòl si ta gen yon grèv.

Nou konnen anpil nan elèv nou yo ak fanmi yo depann sou sèvis otobis jòn, epi menm ide posiblite pou yon entèripsyon nan sèvis sa a koze enkyetid; se poutèt sa transparans ak sipò enpòtan anpil pou jere sitiyasyon an. NYCPS ap travay di pou jwenn yon solisyon, epi nou espere plan sa yo n ap fè pou lòt mwayen transpò p ap vin nesesè.

Nou pran angajman pou sipòte ou nan tout fason posib.

Avèk senserite,



Melissa Aviles-Ramos

Chanselye